



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KA KE OU TE RATE LI: LÈT OUVÈT GOUVÈNÈ CUOMO NAN NEW YORK
DAILY NEWS: DEVWA NOU ANVÈ TOUT SEKOURIS 11 SEPTANM YO:
VIL LA DWE AJI BYEN AVÈK TEKNISYEN IJANS MEDIKAL YO
KI TE VIN MALAD NAN GROUND ZERO**

Gouvènè Cuomo: “Li difisil pou kwè nou ta neglije nenpòt nan sekouris brav yo nan zafè fè yo jwenn avantaj sante debaz yo bezwen yo, 17 lane apre jou trajik sa a. Men se laverite. Mwen kwè nan New York, nou pran swen moun nou yo, epi li lè li tan pou nou rektifye enjistis sa a”.

Jodi a, New York Daily News te pibliye yon editoryal Gouvènè Andrew M. Cuomo ekri pou mande avantaj konje maladi san limit pou Teknisyen Ijans Medikal yo (Emergency Medical Technician, EMT) ak lòt anplwaye Vil New York yo ki te sèvi nan efò sekou ak rekiperasyon 11 Septanm yo. Tèks editoryal sa a disponib anba a, epi ou kapab jwenn li sou entènèt [isit la](#).

Depi nan moman teworis yo te atake World Trade Center a nan dat 11 Septanm epi pandan plizyè mwa apre sa, gason ak fi sòti toupatou nan eta a te desann Lower Manhattan, kote yon operasyon san pran souf t ap dewoule pou todabò pote sekou epi apre sa rekiperè viktim pi gwo frap terè ki te fèt sou teritwa ameriken an.

Ewo sa yo pa t janm reflechi sou politik, ni menm sou pwòp sekirite pa yo, anvan yo te kouri antre nan yon toubiyon toksik nan Ground Zero. Yo te mete lavi lòt moun anvan pa yo. Epi konsa, yo te montre karaktè toutbon Nouyòkè yo pou lemond kapab wè.

Jodi a nou konnen anpil nan moun yo ki te sèvi nan Ground Zero te ekspoze, mòtèlman nan sèten ka, a toksin danjre. Pandan ane yo ki vin apre 11 Septanm, New York eseye onore ewoyis yo an pati gras a garanti pwoteksyon swen sante pou moun ki te vin malad yo.

Pi dènyèman, nou te lite pou re-otorizasyon Pwojè Lwa federal Zadroga a ki t ap ofri swen sante pou sekouris premye entèkansyon 11 Septanm yo pandan 75 lane; nou te ofri yon pansyon enkapasite twaka bay tout manm sèvis an inifòm yo; epi lane pase mwen te ratifye yon pwojè lwa pou ofri konje maladi peye san limit pou tout anplwaye piblik New York yo ki te sòti andeyò Vil New York epi ki te vin malad nan sèvi nan operasyon sekou ak rekiperasyon an.

Jodi a, pi gran majorite anplwaye yo nan sektè piblik New York la ki te sèvi nan Ground Zero jou sa a epi nan semèn ak mwa ki te vin apre yo kapab jwenn konje maladi san limit.

Men gen kèk Nouyòkè yo bliye. EMT Vil New York yo ak kèk lòt anplwaye Vil New York, ki te sèvi nan efò rekipasyon yo epi merite menm lonè ak respè a, toujou poko jwenn konje maladi san limit.

Li difisil pou kwè nou ta neglije nenpòt nan sekouris brav yo nan zafè fè yo jwenn avantaj sante debaz yo bezwen yo, 17 lane apre jou trajik sa a. Men se laverite.

Mwen kwè nan New York, nou pran swen moun nou yo, epi li lè li tan pou nou rektifye enjistis sa a.

Ane sa a yo rapòte biwo majistra Vil New York la te bloke lejislasyon nan Albany pou ofri EMT yo ak lòt anplwaye nan Vil New York konje maladi san limit.

Si vil la pral kontinye bloke pwojè lwa sa a, alòs li dwe dakò tousuit pou ofri EMT yo ak lòt anplwaye vil la avantaj yo merite yo. Sinon, vil la dwe abandone opozisyon li an epi kite Kò Lejislatif Eta a ratifye pwojè lwa a pou bay avantaj yo epi ofri moun yo ki te sèvi nan Ground Zero ak fanmi yo yon ti lapè nan tèt.

Chak grenn jou, gason ak fi brav sèvis an inifòm yo mete lavi yo an danje pou nou, epi angajman ak ewoyis yo pa t janm parèt pi byen pase alasuit atak 11 Septanm yo.

11 Septanm lane pase a, nou te onore Raymond Alexander ak pitit gason li Robert. Yo toude te sekouris premye entèvansyon ki te kouri sou sèn nan pandan sann ak debri t ap kontinye tonbe sou lari yo. Raymond te mouri an Novanm 2016 apre yon batay kont kansè poutèt toksin nan Ground Zero. Robert te mouri wit mwa apre sa, li menm tou poutèt kansè ki te gen pou wè avèk kontak li avèk toksin nan Ground Zero.

Anvan li te mouri, Robert te aktif anpil nan yon kanpay ki te reyisi pou renouvle Pwojè Lwa Zadroga a, yon lejislasyon federal ki kouvri kou medikal yo pou moun ki vin malad poutèt toksin yo nan Ground Zero.

Nou dwe gason sa yo ak kanmarad yo ki te fè sakrifis epi sèvi nan rekipasyon an yon dèt etènèl. Nou lite anpil pou rekonèt kontribisyon ekstrawòdinè yo epi garanti yo gen pwoteksyon swen sante yo bezwen ak merite yo. Men toutotan nou pa bay tout ewo World Trade Center nou yo menm avantaj yo, djòb nou poko fini.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)